



Pou Piblikasyon Imedya: 28/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE FINISMAN YON PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN KI NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 15 MILYON DOLA NAN KOT LWÈS BUFFALO

Reyitilizasyon adapte ansyen bilding lopital pou tounen lojman pou granmoun aje ajoute 44 apatman nan pri abòdab epi ki bay sipò nan distri istorik Elmwood Avenue

Baze sou aksyon kontinyèl Gouvènè a pou elaji rezèv lojman atravè New York

Gouvènè Kathy Hochul te selebre jodi a finisman yon pwojè 15.3 milyon dola pou konvèti yon ansyen bilding lopital pou tounen 44 apatman abòdab ak sipò pou Nouyòkè ki gen 62 ane ak plis. Folwell Apartments fè pati yon pi gwo pwojè reyamenajman Women and Children's Hospital twa ekta istorik la nan katye Elmwood Village nan Buffalo.

"Folwell Apartments pral ofri apatman ki an sekirite, ki estab pou granmoun aje yo pandan l ap soufle nouvo lavi nan katye Elmwood Village nan Buffalo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an ap abòde mank lojman an dirèkteman pandan l ap idantifye opòtinite yo tankou sila a ki reyitilize espas vid yo epi jenere bon jan kalite apatman ke Nouyòkè yo bezwen epi merite".

Folwell Apartments pral amenaje gras ak reyitilizasyon adapte yon ansyen bilding lopital, ki te sèvi kò matènite pou Women and Children's Hospital epi ki te fèmen an 2017. Reyamenajman konplè sit lopital la ak kanpis la finalman ap genyen ladan apatman ki nan pri mache a ak kondominyòm pou vann anplis espas komèsyal ak lòt espas kominotè. Kanpis la sitiye anba lavil Buffalo epi li nan yon distans kout pa parapò ak anpil magazen epi li aksesib pa mwayen transpò piblik.

Tout apatman ki sitiye nan Folwell yo nan pri ki abòdab pou granmoun aje ki ap touche 60 pousan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti ke sa. Yo rezève sèt apatman pou granmoun aje ki bezwen sèvis sipò pou viv yon fason endepandan. Rezidan sa yo pral jwenn aksè ak sibvansyon pou lwaye epi sèvis ki finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) epi ke Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York ap administre.

Ekipman rezidansyèl yo gen ladan yon sal kominotè ak yon kizin ki sitiye tou prè antre prensipal la, espas biwo pou jesyon ak sipò rezidan yo, yon espas depo bisiklèt, enstalasyon lesiv, ak espas depo fatra. Tout moun kapab vizite tout apatman yo epi yo adapte pou moun andikape avèk karakteristik konsepsyon ki apwopriye pou laj yo tankou ranp, etajè ak kabinèt ki ba, manch pòt ki gen fòm levye, ekleraj anba amwa, ak douch ki san bit oswa baryè. Gen yon espas vèt aleksteryè ki pataje ak Barton Apartments ki toupre a.

Pou konsève siyifikasyon istorik sit la, anpil nan pati eksteryè bilding lan te rete san chanje. Anplis de nouvo fenèt yo, konstriksyon an te enkòpore efikasite enèji ak karakteristik bilding vèt ki konfòme ak nòm 2020 Otorite Devlopman Enèji ak Rechèch Eta New York (NYSERDA) ak Enterprise Green Communities. Karakteristik dirab yo enkli ekipman ak aparèy limyè ki gen etikèt Energy Star, penti ak selan ki gen nivo konpoze òganik volatil (VOC) ki ba, tapi pou kouvri atè ki sètifye Green Label ak aparèy plonbri ki pa fè dlo koule anpil.

Devlopè ak founisè sèvis sipò a se People, Inc.

Finansman Eta pou pwojè Reyitilizasyon adapte Folwell Apartments gen ladan 5 milyon dola nan Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba yo ak 5 milyon dola sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Anplis de sa, pwojè a prevwa prèske 4.5 milyon dola nan kredi Enpo eta ak federal pou reyabilitasyon istorik. NYSERDA te bay 44,000 dola kòm sipò atravè Pwogram Nouvo Konstriksyon Altitud Ba a.

Bank Federal Prè pou Lojman nan New York (Federal Home Loan Bank of New York) te bay plis pase 401,000 dola epi Vil Buffalo te kontribiye 850,000 dola nan fon Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè pou depans devlopman an.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare Reyitilizasyon adaptate 15 milyon dola lopital matènite sa a pou tounen 44 apatman pou granmoun New York yo pote bilding sa tounen nan pozisyon orijin li. Folwell Apartments pral pèmèt rezidan yo vyeyi sou plas an sekirite epi ak diyite nan yon anviwònman aktif epi ki bay sipò. Nou rekonesan anvè vil Buffalo, People Inc ak ajans sè nou yo paske yo te investi nan plan estratejik pou fè pwopriyete istorik sa a tounen vin yon itilite".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "NYSERDA pran anpil plezi pou l wè pwojè sa a fini epi kòmanse ofri kèk nan rezidan ki pi vilnerab Buffalo yo lojman adisyonèl abòdab ki gen aparèy elektwomenaje energy star, ekipman klimatizasyon espas ki gen bon pèfòmans, fenèt ak revètman. Pwojè tankou Folwell Apartments montre ke bilding reyitilizasyon adapte yo kapab bèl kote pou viv, pandan y ap sipòte objektif Gouvènè Hochul pou devlope de milyon apatman ki adapte ak anviwònman jiska 2030".

Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare, "Pwojè Folwell Apartments lan montre kòman prezèvasyon istorik ka tounen pote lavi nan vil tankou Buffalo. Pwogram Kredi Enpo Istorik la pèmèt yo atire investisman nan estrikti ki pa itilize yo, elaji lojman abòdab, epi ankouraje dirabilite".

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Lojman ki an sekirite ak abòdab se yon detèminan sosyal pou lasante. Mwen trè rekonesan ke Gouvènè Hochul gen yon angajman solid konsa nan lojman. Finansman pou Folwell Apartments se yon egzanp tanjib ki pral pèmèt rezidan yo vyeyi anplas an sekirite avèk aksè a sèvis kominotè yo bezwen yo ak koneksyon sosyal lokal enpòtan yo".

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Chak rezidan Buffalo merite aksè ak yon lojman ki an sekirite ak nan pri abòdab, epi mwen fyè dèske Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba te founi plizyè milyon dola ki nesèsè pou transfòme ansyen bilding lopital sa an plizyè douzèn nouvo apatman akseksib ki nan pri abòdab pou rezidan Buffalo ki pi aje", Senatè Schumer te deklare. "Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul paske l'ogmante aksè nan lojman ki nan pri abòdab atravè Empire State, epi mwen pral kontinye batay pou m founi resous federal pou poze fondasyon pou yon avni meyè pou Lwès New York".

Reprezantan Brian Higgins te deklare, Li souvan difisil pou jwenn lojman ki bon kalite, enklizif, ak nan pri abòdab, sitou pou moun ki aje, nan Lwès New York epi atravè peyi a, "Brian Higgins, Manm Kongrè a te deklare. "Gras ak finansman eta ak federal nou ap fè pwogrè enpòtan pou nou leve defi sa a, avèk dènye pwojè sa a nan kè Elmwood Village nan Buffalo. Ansyen sit Children's Hospital genyen yon plas espesyal nan kè fanmi Lwès New York yo epi gras a travay People Inc., Folwell apartments kreye yon nouvo opòtinite pou konstwi kominote nan katye espesyal sa a".

Senatè Eta a, Sean M. Ryan, te deklare, "Sipòte devlopman plis lojman abòdab esansyèl pou lavni Buffalo ak Lwès New York la. Pandan n ap travay pou nou ajoute nan rezèv lojman rejyon nou an, pwojè reyitilizasyon adapte yo tankou sa a gen yon wòl enpòtan nan estrateji lojman nou an. Transfòme ansyen kanpis Lopital Fanm ak Timoun yo pral yon gwo kout pous pou Elmwood Village epi jodi a nou ap selebre yon etap enpòtan nan efò enpòtan sa a".

Manm Asanble Jon D. Rivera te deklare, "Apatman Folwell ki fèk konstwi yo reprezante yon ajou enteresan nan Elmwood Village istorik Buffalo ak nan yon katye ki sèvi fanmi tout ras ak tout laj. Avèk sèvis konplè enpòtan ak ekipman solid, konplèks Apatman Folwell la pral sèvi yon popilasyon granmoun aje nan vil nou an ki bezwen divès opsyon pou yon lavi abòdab, endepandan. Mwen remèsye People Inc. ak Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la paske yo rekonèt bezwen imedyas sa a epi paske yo gen vizyon ak angajman pou fè kominote nou yo solid ak aksesib".

Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare, "Amelyore aksè a lojman abòdab se yon priyorite nan tout konte a epi se yon bagay mwen te konsantre atansyon mwen sou li pandan n ap kontinye avanse ak yon apwòch kolaborasyon pou elaji ak amelyore opsyon lojman abòdab yo lokalman. Tout moun merite pou genyen yon espas ki an sekirite ak abòdab pou viv. Se atravè planifikasyon estratejik ke pati konsène prensipal yo nan eta a ap travay ansanm nan yon objektif pataje pou devlope pwojè tankou sa a. Mwen remèsye tout patnè nou yo nan gouvènman an pou efò yo fè ak konvèsyon ak reyamenajman estrikti sa a epi mwen ennpasyan pou m wè lòt anons sou renesans kontinyèl moso pwopriyete istorik sa a".

Majistra Vil Buffalo Byron W. Brown te deklare, "'Depi 2006, mwen te angaje estratejikman plizyè milyon dola nan pwojè lojman abòdab nan tout vil la. Envestisman sa a te rive ogmante 695 milyon dola nan devlopman, sa ki te kreye plizyè milye nouvo inite lojman. Nou ap pousuiv pwogrè sa a ak finisman Folwell Apartments. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote pou patenarya yo nan misyon lojman abòdab mwen an pou gran vil nou an. Nou te gen yon relasyon depi lontan ak People Inc. Ansanm, nou te fè patenarya nan inisyativ lojman abòdab tankou Jefferson Apartments, Linwood Lafayette Manor Senior Apartments ak Mount Olive Manor. Mwen onore pou m kontinye kolaborasyon nou epi pou m wè yon lòt inisyativ lojman abòdab vin devlope".

Manm Asanble, David Rivera, te deklare, "Mwen tèlman kontan wè plis lojman abòdab; espesyalman nan yon katye ki solid tankou Elmwood Village".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)